# TÁBIYIY HÁM TEXNIKALÍQ ILIMLER

**Biologiya. Ekologiya**

## АРАЛ ДАҒДАРЫСЫН САПЛАСТЫРЫЎДЫҢ ЖАҢА СТРАТЕГИЯСЫ

**Ж.Базарбаев –** *академик*
*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*

Арал апатшылығынан пайда болған, халқымыздың генефондына тәсир жасап атырған зыянлар прогрессив адамзаттың ҳәр бириниң жүрегин суўлатады. Әсиресе, ол аймақта жасап атырған халайықтың трагедиясы, келешек тәғдири айрықша мәселе. Бир мысал, өткен әсирдиң 80-жыллары пахтаның жапырағын түсириў ушын дефоляция ислеўге Украинадан жыл сайын лётчиклер келгенде, «еле тиримисиз?!» деп ҳәзил-шыны аралас аманласатуғын еди. Бул қайғы-ҳәсиреттиң ишинде болған инсанлар гәпинде мәлим дәрежеде дәўирдиң ашшы ҳақыйқатлығы астарланып турар еди.

Мине, енди Аралдың зәҳәрли шаң тозаңларын қайтарыўға тәўекел еткен, оны илимий жақтан дәлиллеген хүрметли президентимиз Ш.М.Мирзиёев мениң көз алдымда уллы қутқарыўшы, әдиўли пайғамбар сыяқлы көринеди ҳәм оның жаңа стратегиясы аталар әрманын, дүнья жәмийетшилиги талабын иске асырыўдың ҳақыйқат жолы сыяқлы туйылады.

Арал аймағы мениң - туўған жерим, ата-бабам әрўағы, балалық шағым, жаслық дәўирим, қәлиплескен мектебим. Әкем күйеў болған жер, Анам келин болған жер. Көзимниң тотиясы. Оны еслесем, буннан алпыс жыллар бурын Арал аймағының бай тәбияты, ҳасыл тәбийий байлықлары, әўпилдеген теңиз толқынлары, көлдиң наў қамыслары, көли толы қуслар, суўдағы сыңсыған қуўлар, тоғайы толы ҳайўанлар, соналы ғазлар, алмабас өрдеклер, бекирениң бел кеспеси, сары сазанлар, қырдағы ешки-ылақларға суўда турып умтылатуғын әйдик ылақалар, торан шабақлар, семиз сүўенлер, аңқылдақ шортанлар, томпақ торталар, мазалы марқалар, тикенсиз сылалар, олардың ойынлары, балықты аўлап, халықтың ырысқы несийбесин байытқан балықшылар, балықты өнлейтуғын ҳәм дүньяға таратқан балық заводлары, консерва комбинаты, район аймағында Америкадан алып келинген андатраларды, нутрийлерди, қымбат баҳалы түлкилерди өсирген ҳәм көбейткен азаматлар еске түседи.

Ҳәзир Арал қум сахрасына қарап буннан 60 жыл бурынғы Арал аймағының гөззаллығы, қаланы қоршаған теңиз ҳаўасы, салтанатлы санатория жайлары ҳаққында Ибрайым аға айтқан:

Шөлдиң саратаны қыздырған ўақта,
Не адамлар келер еди қонаққа,
Көк толқын еркелеп аппақ аяққа,
Бейиштиң булда бир тымсалы еди.

Бир нешшелер жутып бейиш ҳаўасын,
Бунда дем алыўға көп келер еди,
Арнаўлы самолёт көплеген машын,
Сыйлы қонақларды жеткерер еди.

Хрустал шамларда шайқалып шарап,
Салқын шардарадан теңизге қарап,
Ханымлар шөллесе «Боржоми» сорап,
Ханның қызынан да өткерер еди - деген туйғылары есиме түседи.

ХХ әсирдиң ақырында қарақалпақ халқы жар жағасында турды. Тоталитаризм тийкарындағы сиясат, тәбияттан рәҳимлик күтип турмаймыз, оннан ала бериў «ўазыйпамыз», деген тәбиятқа аяўсыз қатнастың нәтийжесинде 1960-жыллары Арал апатшылығы басланды.

Қарақалпақ халқының күн кешириўи қыйынласты. Дәстүрий жейтуғын шабағынан айырылды, қаўынқәмеги жоғала баслады, малға, саўынға жайлаў қалмады, азық-аўқат дәреги таўсылайын деди, ишимлик суўы жетиспеди, елде кеселлик көбейди, балалардың, ҳәмиледар ҳаяллардың жасы қысқарды, ҳәттеки аналардың сүтинен гербицитлердиң, пестицитлердиң молекулалары табылды, адамлар өмириниң орташа жасы төменлеп кетти. Сол дәўирдеги шет ел илимпазларының изертлеўлериниң биринде, Мойнақ районындағы Үшсай елаты адамларының орташа өмири 39 жас, деп жазылып жүрди.

Бираз адамлар бул үлкени таслап кетти. Мысалы, ертеден қоныс басқан Мойнақтағы ҳәм Нөкистеги Ураллы орыслардың тез арада биреўи де қалмады. Буған қосымша, «монокультура» - пахта халыққа тек пайда емес, азап-ақырет, аўырыўшылық алып келди.

Ол ҳаққында И.Юсупов мынадай аянышлы қосық қатарлар жазды:

Пахтадан ақ алтын алыў қастында,
Зәҳәр шашқан самолёттың астында,
Баўры шаншылып ыңырсыйды балалар,
Жолда өлип атқан торғайлар қалар.

Сол әсирдиң 80-жыллары бул апатшылық дүньяға белгили болып, аўҳалдың себеби елди басқарыўдың жарамсыз буйрықпазлық ҳәрекети екенлиги дәлиллене баслады. Илимпазлар Арал трагедиясын 1980-жыллардағы Чернобыль апатшылығына теңлестирип, оны «тихий Чернобыль» деп атады.

Қарақалпақстан енди қалай жасайды, күн-көриси не болады деген мәселе туўылды. Айырым Москва кәнигелери, «Қарақалпақстан бул орыннан көшиўи керек, Россияның Уссурийск үлкеси дурыс болар еди, олай ислеў Аралға суў апарғаннан көре анағурлым пайдалырақ, арзанырақ болар еди», деп жәриялап жүрди.

Бул сөзлерге ғәзеби келген данышпан шайыр И.Юсупов «Дузлы самаллар» деген китабында оларға былай деп соққы берди:

Қәўетер бар: қарақалпақлар,
Көп узамай көшер деген,
Қайдағы бир жақсы жаққа,
Барып қоныс басар деген.

Есаплаған шотқа салып,
Буған қалай шек қоясаң,
Шотын қолдан жулып алып,
«Ҳәссений бир»… деп қоясаң - деп ол пикирди берип:

Бардур болжаў қәбилетим,
Билген нәрсем сол болады,
Сәл азырақ сабыр етиң,
Бул жер еле зор болады, – деп ўәлийлик билдирди.

Сол дәўирде Арал проблемасы жүдә қызды, ким депутатлыққа талабан болса Аралды қутқарыў мәселесин көтерип сайлаўшылардың кеўлинен шығыўға таласты. Бул ҳаққында И.Юсупов 1990 жылғы «Үмит жағысы» деген китабында «Арал әтирапында зор урыс болды. Сайлаў ўақтында көп жулқыныс болды. Ат минип алған соң Аралды сатып, Енеғарлар бәри тымтырыс болды» деп критикалап жүрди.

Соның менен қатар данышпан шайыр И.Юсупов бул апатшылықтың себебинен өзиниң «Оңбағырлар сатты-

лар сени» деген Арал традегиясы ҳаққында 1991- жылы жазылған қосығында:

«Тәбияттан күтпеңлер мийрим,
Тәбияттан тартып ал» деди,
Сөзи жалған, ўәдеси шийрин,
Олар партбилетли хан еди.
«Мол ақ алтын ушын» деп турып,
Шарап касаларын қағысты,
Дәрья суўын шөллерге бурып,
Теңиз таслап кетти жағысты, - деп көрсетти.

Сол таслап кеткен теңиз ҳәзир жағыстан 250 км алыслап, зәҳәрли шаң- тозаңларды айдап, бизиң менен қас болып атыр.

Теңиз жағысты таслап кеткели бери Арал апатшылығы басланып, қарақалпақ халқының аўҳалы мүшкил болып турғанда, халқымыз Ғәрезсизликтиң шарапатында есин жыйнап алды.

Бурын майданы 66 мың кв. километр болған Аралдан ҳәзир тек көлмеклер қалып, өзиниң кеуип қалған ултанынан көтерилген дузлы шаң-тозаңларды шашып, бизге жаў болып шықты.

«Ақ сақаллы Аралым, талай күнге жарадың» деп әлпешлеп жүрген Арал ҳәзир бизди гүреске шақырды. Бул гүресте еки тәрептен еки түрли қарама-қарсы күш қатнасып, биреўинде дузлы тозаң, биреўинде ақыл-парасат айқасып атыр. Бул гүресте адамзаттың ақылы басым келсе, теңиздиң қурғаған ултанынан шығатуғын дузлы тозаңды туншықтырып Аралды дәрмансыз қалдырады.

Егер адамзат бирлиги төмен болса, «өз көмешине күл тартып, ертеңги күни өзине де қәўип туўдыратуғынын сезе билмесе алаўызлық етип, бул апат қарсы гүреспесе, онда теңизден ушқан шаң - тозаңлар жән жаққа асықпай шашырап, Орайлық Азияның бир қанша еллерин дуз көрпеси менен жаўып, тиришилик дүньясына үлкен зәлел келтиреди. Қәнигелердиң көрсетиўине қарағанда, Арал ултанынан көтерилген дуз, бизиң әсиримиздиң отызыншы жылларында Қарақалпақстан, Хорезм жерлерин бес сантиметр қалыңлықта «дуз көрпесин» жабады деп тастыйықлайды.

Елимизде бул апатшылық басланғанынан бери Аралдың дөгерегиндеги тәбийий орталықты ҳәм теңиздиң өзин сақлап қалыўға байланыслы үш стратегия, яғный үш жол пайда болды. Биринши - Аралды толық түрде қайта тиклеў, екинши - тәсирди жумсартыў, үшинши-оған көнлигиў, яғный адаптация стратегиялары.

Биринши стратегияда Аралды 1960-жылғы аўҳалына алып келиў. Онын ушын аўыл хожалық ислерине түпкиликли өзгерислер ислеў ҳәм региондағы суў қорын теңиздиң экологиясына байланыслы турақлы пайдаланыў. Пахтаға, салыға суўды пайдаланыўды кескин азайтыў.

Бул жол бойынша теңизди толық тиклесек, суўлардағы токсинлерди тазалап, атмосферадағы шаң-тозаңлардан қутылып, халықтың саўлығының сапасын жүдә жақсылар еди. Бул апатшылық зонасындағы қоршаған орталықты тиклеў Өзбекстанға да, Қазақстанға да, Түркменстанға да ең әҳмийетли мәртебе, халқына бахыт, ал басқа еллерге де, Дүньялық банк, ПРООН, ЮНЕП ҳәм дүнья жүзлик жәмийетшиликке үлкен абырой әкелер еди.

Бул исти иске асырыў бойынша Өзбекстан ҳүкимети пахта планларды азайтты, салы совхозларын жапты. Ал, басқа қоңсылас еллерде бул стратегияға айтарлықтай кеўил бөлмеди. Оның орнына, Сибирь дәрьяларын алып келиў, Каспий теңизиниң суўын пайдаланыў сыяқлы гәплер көбирек алға сүрилди.

Екинши - тәсирди жумсартыў стратегиясында теңизди 1997-жыллар арасындағы қәддинде услап, белгили бир бөleклерин сақлаў. Онда барлық теңиз системасын сақлаўдың зәрүр емеслиги, дельтаны сақлап қалыў әҳмийети көрсетилди. Бул стратегияны иске асырыў бойынша Қарақалпақстанда Жылтырбас, Судочье ҳәм тағы көллер системасын сақлап қалыў ушын қашылар шабылып, Әмиўдәрья суўларын дельтада услап турыў жумысы басланды. Қазақстан болса Аралдың арқасын бөлип алып, «Көк Арал» деген теңизди дүзди. Бәрибир бул илажлар да Арал ултанынан шығып адамларды зәҳәрлейтуғын дузлы шаң-тозаңлардың тәсири азайтпады.

Үшинши - адаптация (ийкемлесиў) стратегиясы, - теңиздиң жойылыўына биротала көнлигиў. Теңиздиң пайда болған зыянларының нәтийжеси менен гүресип, себеп пенен гүресиўден бас тартыў. Бул стратегияның тийкарғы кемшилигин Америка илимпазлары Д.Майкл, Х.Глянц былай көрсетеди: «Ҳәзир, яғный 1990-жыллары Орайлық Азияның бир миллионнан артығырақ турғынлары Аралдың зыянлы тәсирине ушыраған болса, гейпара изертлеўшилер: еле несин көрипсең деп болжаў берип былай дейди: «Арал теңизиниң бассейнинде мақсетке муўапық ис алып барылмаса, ондағы халық санының өсиминиң жылына (2,6-3,2 %) жоқарылығына байланыслы улыўма әбигерлик өседи. Ҳәзирги региондағы 30 миллион халық XXI әсирдиң биринши он жыллықларында 60 миллионга жетеди. Ал, Арал апатшылығы аўыл хожалық исине жарамлы жерлерди истен шығарып, өнимдарлығын кемейтеди. Оннан басқа да климатологлардың айтыўынша, региондағы климат өзгере баслайды: қыс суўығырақ, ал жазғы дәўир ыссырақ. Шаң-тозаңларының пәти күшейеди. Жер асты ҳәм қудық суўларының сапасындағы өзгерислер де белгили бола баслайды. Солай етип, көнлигиў стратегиясын пайдаланыў да адамларды зыянлы тәсирден қашырмайды» деп тастыйықлайды. (Арал теңизи дүнья жүзилик мийрасқа турарлық па?». Колорадо, 1997-ж.). Буннан жигирма бир жыл айтылған бул гәп ҳәзир өзиниң шынлыққа жақын екенлигин дәлиллеп атыр. Буның мысалын кешеги 28-май күнги зәҳәр шашқан даўылынан көриўге болады.

Арал теңизиниң зардабынан биринши соққыны Қарақалпақстан алды. Бир ярым миллионға жақын журтласларымыздың денсаўлығы теңиз ултанының жалаңашланып бара бериўиниң есабынан пайда болған жер үсти ҳәм жер асты суўларындағы токсинлер менен ҳаўадағы токсикалық шаң даўылларының зыянлы тәсирине ушырады.

Бул тәсирлердиң пәтин қайтарыў ушын Өзбекстан ҳүкимети дүнья жәмийетшилиги менен бирликте айтарлықтай жумыслар иследи. Әсиресе, ийкемлестириў стратегиясы бойынша көп хызметлер болып, халқымыздың пәраўанлығы күшейип барды. Лекин, аўырыўдың кеўлин сорап, алма, жүзим апарған менен саўалып кетпейтуғыны сыяқлы, гуманитарлық жәрдем менен дузлы тозаңды азайта алмадық.

Арал өз қәддинде күйинде қарсылығын асырып, жылына 80 мың тонна зәҳәрди әтирапқа шашып, ҳәттеки Гималай таўларына жеткерди.

Бул зәҳәрлердиң адамның генефондына зыянын бирден түсинген Ш.Мирзиёев өзиниң Президент лаўазымына кирисиўинен баслап биринши сапарды Қарақалпақстаннан баслады ҳәм 2017-жылдың январь айынан баслап 2018-жылдың январь айына шекемги елдиң пәраўанлығын ҳәм экологиялық аўҳалын жақсылаў бойынша бир неше ўазыйпалар қойды. Нәтийжеде, төрт ай ишинде Қоңырат-Мойнақ арасындағы 101км водопровод алып барып, 23 мың халықты қуўандырды. Бир жыл ишинде

Қарақалпақстанда 2112 жойбар орынланды. Нәтийжеде 11 мың жумыс орны ашылды. Ҳәзир бул ғамхорлықтың арқасында қарақалпақ халқы ҳүрметли Президентимизге минетдаршылық билдирип, пидәкерлик мийнетлер етпекте.

Ҳәзирги күнде адамзаттың усы күнге дейин Арал мәселесин шешиў бойынша ақылын, ойлаўын ҳәм хызметлерин терең изертлеген ҳәм олардың тийимлилигине кеўли толмаған, Аралды апатшылықтан, халықты зәҳәрли токсинлерден қутқарыўдың жан күйери ҳүрметли Президентимиз Ш.М.Мирзиёев Арал мәселесин шешиўдиң төртинши стратегиялық жолын дүнья жәмийетшилигине усынды ҳәм илимий жақтан дәлилледи.

Бул стратегияның мәниси бойынша Арал апатшылығынан қутылыў ушын Аралдың өзи менен жекпе-жек гүресиў, өзимиздиң елимиздиң халықаралық Аралды қутқарыў хоры ҳәм дүнья жәмийетшилигиниң күши менен Аралдың қурып қалған ултанын өсимликлер менен жаўып таслап, дузлы тозаңды туншықтырыў ҳәм ол әтирапта «Көк экономиканы» шөлкемлестирип, халық хожалығын раўажландырыў.

Бул батыр ҳәм өткир пикир дүнья илимпазларының ҳәм дүнья жәмийетшилигиниң қоллап-қуўатлаўына ериссе, елимиздиң активлиги еле де өссе, ол - инсаният тарийхындағы адам ақылының ең уллы жеңиси болады.

Бул стратегия ҳүрметли Президентимиз Ш.М.Мирзиёевтың 2018-жыл 24-августтағы Түркменстанның Түркменбашы қаласында «Аралды қутқарыў халықаралық хорын шөлкемлестириўши мәмлекет басшылары Кеңесиниң әнжуманында шығып сөйлеген сөзинде жәриялады.

1993–жылы дүзилген Аралды қутқарыўдың халықаралық хоры бир неше жыллар даўамында Арал апатшылығының ҳәўирин қайтарыўда бираз жағымлы жумыслар иследи. Бул хордың соңғы он жыл ишинде жумысының үзилиске түскенинен тәшўишленген Ш.М.Мирзиёевтың инициативасы менен шөлкемлескен әнжуман келешекте Аралды қутқарыў мәселесинде үлкен тарийхый әҳмийетке ийе болды. Бул әнжуманда Арал апатшылығын иркиўдиң теориялық ҳәм практикалық илимий жақтан тийкарланған Ш.М.Мирзиёевтың Арал мәселесин шешиўдиң жаңа стратегиясы күн тәртибине қойылды. Ол апатшылықтың тәсирин қайтарыў ушын жүдә исенимли ҳәм стандарт емес басқа жоллардан айрықша жол көрсетти.

Бул стратегия бойынша жаңа илимий жетискенликлерди технологияларды қолланып, Арал аймағында шөллениўдиң даўам етиўине шек қойыў, яғный Аралдан ҳаўаға тарап атырған зәҳәрли шаңлардың көтерилиўин тоқтатыў ушын суўдан қурып қалған Арал ултанын тоғайлыққа айландырыў.

Бул стратегия бойынша адамзаттң ақылы ҳәм аўызбиршилиги менен Арал ултанын тоғайлар менен жабыў яғный ҳәзирги ўақытта жүдә нәтийжели жумыслар арқалы Арал экваториясының 700 мың гектар жерге жаңа тоғайлықлар қосылған. Ал, Президентимиздиң стратегиясы бойынша 10-12 жылда Аралдың қурып қалған ултанын биротала жаўып таслаўдың мүмкиншилиги көрсетилген.

Бул уллы проект дүнья жәмийетшилигиниң бирлигинде әмелге асырылатуғын дүньяға пайдасы тийетуғын, адамзатты үлкен зыянлықтан қутқаратуғын әжайып ҳәм тийимли жол болады.

Бул усыныс бойынша Аралдың ултаны тоғайлық пенен жабылып, дузлы тозаңлар туншықтырылады. Орнына жаңа өнимдарлы жайлаўлар ҳәм шарўашылықты избе-из раўажландырыў нәтийжесинде он мыңлаған адамлар жумыс пенен тәмийнленеди,-деди Президентимиз. Демек, халқымыз 2030- жылларға келип Аралдың дузлы тәсиринен биротала қутылады. Оның орнына халық хожалығын раўажландырады.

Бул әрманды турмысқа асырыў қандай қаҳарманлық, қандай әжайып ғамхорлық, қандай даналық екенин дүнья жәмийетшилиги жоқары баҳалайды. Бунда Президентимиз көрсеткениндей, он мыңнан аслам жумыс орны ашылады. Демек, ол әтирапта 50 мыңға шамалас халық жасап пәраўан турмыс қурады.

Бул глобаллық масшабтағы стратегияны иске асырыў ушын Президентимиз Аралбойы аймағын «экологиялық инновация ҳәм технологиялар зонасы»- деп жәриялаўды усынды. Бул Арал аймағын экологиялық апатшылықтан қутқарыў бойынша барлық илимий инновациялық мүмкиншиликлерди мобилизациялаў, шет ел илимпазларын да бул иске тартыў, шет ел инвестицияларын әкелиў сыяқлы ўазыйпалы ислерди әмелге асырыўдың зәрүрлигин көрсетти. Бул проект әнжуманға қатнасқан ҳүкимет басшыларының үлкен қызығыўшылығын туўдырды.

Сондай-ақ, шөл шараятына шыдамлы ҳәм азықлық өсимликлердиң нәллерин жетилистириў бойынша регионаллық орай шөлкемлестириўди ортаға таслады ҳәм бул орайдың келешекте илим, билим дәргайына айланыўының мүмкиншилигин көрсетти.

«Енди бул уллы басшымыздың уллы стратегиясын иске асырыўда биз Қарақалпақстан илимпазлардың орны қандай болады?» деген сораў жүдә әҳмийетли. Бул мәселеде басқалардан көре бизиң илимпазларымыз көбирек қызығып, көбирек мәпдар болыўы керек.

Биз, илимпазлар қайсы тараўда илимий жумыс жүргизбейик, экологиялық инновацияға ҳәм жаңа технологиялар жаратыўға тиккелей қатнасыўымызға туўра келеди. Бул исте республикамыздың барлық экологлары бирлесип илимий изертлеўге, шет еллердиң илимпазлары менен шет ел инвестицияларын тартып аянбай хызмет етиўи лазым.

Буның ушын ең дәслеп тоғайластырыў исине үлкен үлес қосыўымыз керек. Арал ултанында өсип атырған сексеўил, кәндим, шершес ҳәм т.б. бес алты өсимликлер менен бир қатарда қурғаққа шыдамлы, малға жуғымлы өсимликлер дүньясын кеңейтиў мәселеси, сондай-ақ Арал ултанының топырағын изертлеў де үлкен әҳмийетке ийе. Президентимиз стратегиясында көрсетилгениндей Арал бойының раўажланыўында «Көк экономиканың» дәреклерин излеў, ол әтирапты өзлестириўде қандай шарўашылықты раўажландырыў, тоғай өсимликлерин қалай пайдаланыў, шарўашылықтың қандай түрин шөлкемлестириў. Ҳайўанатлар дүньясын байытыў. Ол өзлестирилген жерлердиң суў мәселесин шешиў, артезин қудықлар ҳәм оған пайдалантуғын энергия яғный самал ҳәм қуяш күшлеринен пайдаланыў ҳәм ҳайўанатлар дүньясын қалай байытыў оны қалай пайдаланыў ҳәм басқа да усы сыяқлы мәселелер бойынша илимий изертлеў жумысларын баслаў бул стратегияның шәртлерин орынлаўға хызмет етеди.

Жуўмақлап айтқанда, ҳүрметли Президентимиз Ш.М.Мирзиёевтың бул стратегиясының иске асыўы Өзбекстан ушын, әсиресе Қарақалпақстан ушын үлкен бахыт, бийик дәўлет, ал дүньяжүзлик жәмийетшилик ушын үлкен илимий ҳәм гуманитарлық ашылыў ҳәм жетискенлик болатуғын теңсиз тарийхый ўақыя болды.